

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kahirupan manusa teu leupas tina basa minangka alat pikeun komunikasi. Minangka alat dina komunikasi, basa miboga fungsi anu utama. Pesen anu mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang ti pangirim ka panampa ditepikeun ngaliwatan médium basa. Ayana komunikasi dirojong ku ayana pamahaman kana omongan antara panyatur jeung mitra catur. Ku kituna, komunikasi lumangsung di lingkungan sosial anu ngalibetkeun jalma réa.

Ari medium komunikasi bisa lisan bisa tulisan. Dina basa lisan komunikasi lumangsung antara panyatur salaku nu ngirim pesen jeung mitra catur salaku anu narima pesen. Sabalikna, dina komunikasi tulisan lumangsung antara nu nulis salaku nu ngirim pesen jeung nu maca salaku nu narima pesen. Salian ti éta aya jejer omongan anu jadi eusi tina komunikasi, nyaéta jejer omongan anu ditepikeun ngaliwatan basa.

Komunikasi basa lumangsung dina kontéks nu tangtu. Ulikan anu nalaah hubungan antara basa jeung kontéksna nyaéta pragmatik. Bisa disebut ogé pragmatik téh élmu anu maluruh hubungan unsur basa jeung panyaturna. Hartina pragmatik bisa maluruh hal-hal saluareun basa anu lumangsung dina komunikasi.

Ayana komunikasi maké basa antara panyatur jeung mitra catur boh lisan boh tinulis téh ngagelarkeun ayana polah basa anu asup kana wengkuan retorika antarpribadi. Leech dina Tarigan (2009, kc.73) nyebutkeun yén istilah rétorika antarpribadi nyoko kana polah ucap, ari rétorika tékstual nyoko kana polah tinulis. Jaba ti éta, dina rétorika antarpribadi jeung rétorika tékstual diperlukeun prinsip paguneman. Rétorika antarpribadi dipibutuh ayana prinsip kasopanan, ari dina rétorika tékstual dipibutuh ayana prinsip gawé bareng.

Dina kontéks sosial tangtu prinsip anu dibutuhkeun téh nyaéta prinsip kasopanan basa. Utamana dina basa Sunda, prinsip kasopanan téh patali jeung tatakrama basa Sunda atawa undak-usuk basa. Basa Sunda lahir bareng jeung

lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda rupaning ragam basa, salah sahijina disawang tina jihat sikep panyaturna. Ragam basa numutkeun sikep panyatur raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, mitra catur, jeung jalma nu dicaritakeun. Ragam basa jiga kitu disebut undak-usuk basa atawa tatakrama basa. Undak-usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyukeun jeung diajén jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak-usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat) raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung mitra catur katut jalma nu dicaritakeun (Sudaryat, 2011, kc. 294).

Patalina antara komunikasi jeung prinsip tatakrama basa bisa katangén tina ayana ajén anu nyangkaruk nu mangrupa kasopanan basa. Tina omongan anu dikedalkeun bakal katitén tingkat kasopanan ti nu nyarita. Pasualanana, loba anu teu maliré kana kasopanan dina nyarita, teu mikanyaho kana undak-usuk basa bisa jadi salasahiji faktor anu ngalantarankeunana. Ku kituna nalika nyarita téh padu pok waé, nu ngalantarankeun euweuh bédana antara nyarita ka kolot, ka budak jeung ka sasama. Faktor séjénna bisa dipangaruhan ku ucapan, ogé tina réngkak paripolah atawa peta. Balukarna bisa jadi aya kateusopanan dina nyarita.

Dina sawatara kaayaan biasana étika atawa tatakrama basana sok jadi leungit, upamana nalika kaayaan keur pikakeuheuleun jeung piambekeun nu antukna ngarempak kana prinsip kasopanan basa. Ieu hal pasti mangaruhan nu diajak nyaritana, jeung kaayaan di sabudeureunana. Beuki lila, ieu hal téh bakal ngaleungitkeun kasopanan jeung étika makéna basa. Padahal sakuduna mah prinsip kasopanan basa angger kudu dipaké.

Kasopanan makéna basa bisa lumangsung dina basa sapopoé bisa dina karya sastra. Teu saeutik dina karya sastra nu némbongkeun ayana interaksi antara hiji jalma jeung jalma séjén ngaliwatan paguneman dina caritana. Ieu paguneman tangtu aya sabab jeung kasang tukangna nepi ka bisa lumangsung. Upamana waé dina novél jeung carita nyambung, aya paguneman antar tokohna. Bisa katitén yén ayana paguneman anu miboga prinsip kasopanan dina karya sastra téh

némbongkeun yén sastra ogé maké prinsip kasopanan basa pikeun méré pangaruh positif ka nu maca. Anapon aya anu teu maké prinsip tatakrama basa, lain hartina teu dipaké, tapi ngawanti-wanti sangkan ulah kitu dina kahirupan sapopoé mah. Ngaliwatan karya sastra anu diterbitkeun jeung dibaca ku balaréa tangtuna kudu aya ajén anu bisa ditarima ku nu maca, salasihijina aya prinsip kasopanan basa. Ieu prinsip kasopanan téh bakal mangpaat pikeun nu maca sangkan bisa ngalarapkeun dina kahirupan sapopoéna.

Ieu panalungtikan medar prinsip jeung maksim kasopanan basa tina wacana wangun tulisan. Wacana anu dijadikeun sumber datana nyaéta wangun paguneman anu aya dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri. Alesan dipilihna ieu carita nyambung téh lantaran loba wangun paguneman anu aya dina eusi caritana, sarta réa dipakéna undak-usuk basa anu bisa dianalisis prinsip kasopanan basana. Eusi carita anu aya di jerona kawilang teu jauh tina umur barudak sakola di tingkat SMP. Paguneman anu aya di jerona bisa dijadikeun conto pikeun bahan panagajaran paguneman.

Ieu carita ogé dipilih sabab nu ngarang méré atikan, pangajaran, jeung tungtunan hirup hususna ka barudak ngeunaan tatakrama urang Sunda, upamana dina ngahormat ka nu leuwih kolot, miasih ka nu leuwih ngora atawa ka sasama, hadé tur akur jeung babaturan. Ngulik aya henteuna prinsip kasopanan anu méré kaweruh ka nu maca ngeunaan pentingna kasopanan dina maké basa. Ku mikanyaho latar jeung topik paguneman anu aya dina carita, bisa ditalungtik prinsip kasopanan basana.

Hasil tina ieu panalungtikan baris dipaké pikeun bahan pangajaran paguneman di kelas VII SMP. Leuwih jéntréna ieu paguneman tokoh baris dijadikeun conto paguneman anu bener tur dijieun hiji materi ngeunaan paguneman jeung kaédah-kaédahna anu teu leupas tina prinsip kasopanan basa jeung undak-usuk basa.

Panalungtikan perkara paguneman kungsi dilaksanakeun, di antarana waé: *Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon Si Kabayan Tapa Karya Min Resmana* (Siska Nursalam, 2012); *Prinsip jeung Maksim Paguneman Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karya Aam Amilia* (Neno Rahma Wati Samsudin, 2014). Éta dua panalungtikan téh maluruh maksud omongan anu aya

dina téks paguneman sarta tahapan pragmatis omonganana, pedaran téks adegan paguneman, prinsip jeung maksim paguneman sarta maksud unggal omongan nu aya dina téks paguneman. Bédana jeung panalungtikan nu baris ditalungtik nyaéta dina prinsip nu ditalungtik ngan saukur prinsip kasopanan basa anu ngawengku wangun paguneman dumasar kana latar jeung topik, adegan paguneman, maksim-maksim kasopanan, adegan maksim kasopanan, sarta aya bahan tinimbangan pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

Dumasar kana katerangan di luhur ébréh yén panalungtikan ngeunaan prinsip kasopanan téh masih perlu dilaksanakeun. Ku kituna, panalungtikan kalayan judul *Prinsip Kasopanan dina Carita nyambung Dirawu Kélong Karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di Kelas VII SMP* kudu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Tatakrama basa Sunda anu langka dipaké ngabalukarkeun ayana kateusopanan dina nyarita. Teu nyaho kana undak-usuk basa bisa jadi salasahiji faktor anu mangaruhanana. Pikeun mikaweruh kasopanan basa bisa waé kapanggih tina bacaan. Ari sababna, bacaan bisa méré ajén positif kana pangaweruh kasopanan basa, upamana waé tina karya sastra anu wangunna carita nyambung. Dumasar kana kasang tukang di luhur jeung tina lobana pasualan aya sawatara masalah nu bisa didéskripsikeun saperti ieu di handap.

- a) Wujudiah basa anu ditalungtik nyaéta paguneman atawa dialog tokoh;
- b) Anu dianalisis ngan saukur prinsip kasopanan anu ngawengku genep maksim kasopanan basa; jeung
- c) Latar, topik adegan paguneman, wangun katut adegan maksim kasopanan.

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a) Kumaha wangun paguneman, latar, topik, adegan paguneman anu aya dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri?
- b) Kumaha wanda maksim kasopanan anu aya dina paguneman carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri?
- c) Kumaha adegan maksim kasopanan dina paguneman carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri?

- d) Kumaha lamun maksim kasopanan dina paguneman carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri dijadikeun bahan pangajaran paguneman di Kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nganalisis tur ngadéskripsikeun prinsip kasopanan anu aya dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri. Ari tujuan hususna pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- wangun paguneman, anu nyoko kana latar jeung topik paguneman sarta adegan paguneman;
- wanda maksim kasopanan;
- adegan maksim kasopanan dina paguneman; jeung
- prinsip kasopanan dina paguneman pikeun bahan pangajaran paguneman di Kelas VII SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara tioritis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun méré sumbangan dina kamekaran jeung larapna élmu pragmatik anu leuwih husus nyaéta larapna prinsip kasopanan basa dina carita.

Larapna kasopanan tangtu patali jeung dipakéna undak-usuk basa anu merenah tur bisa dibiasakeun deui dina kahuripan sapopoé boh di sakola boh di sabudeureun masarakat, anu jaman kiwari geus jarang dipaliré.

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana:

- pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabasaan, utamana ngeunaan prinsip kasopanan;
- pikeun guru, ieu panalungtikan dijadikeun tinimbangan bahan pangajaran paguneman di kelas VII SMP, ogé buku nu jadi sumber data bisa dijadikeun bahan pangaweruh kana dipakéna ajén kasopanan dina basa Sunda;
- pikeun siswa, paguneman nu dianalisis bisa dijadikeun conto paguneman anu sopan jeung bener; sarta

- d) pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina mata kuliah anu aya patalina jeung élmu kabasaan jeung panalungtikan ilmiah.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu tulisan ngawengku lima bab, nyaéta Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori anu ngawengku prinsip kasopanan basa jeung bahan ajar wacana paguneman, Bab III Méthode Panalungtikan, Bab IV Déskripsi Hasil Panalungtikan jeung Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.

Dina Bab I anu dipedar nyaéta kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina tujuan ngawengku tujuan sacara umum jeung tujuan sacara husus. Dina mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat sacara tioritis, kawijakan, jeung mangpaat sacara praktis. Bab I dipungkas ku pedaran sistematika tulisan.

Dina Bab II dipedar ulikan tiori ngeunaan prinsip kasopanan, bahan ajar, jeung wacana paguneman. Pedaran prinsip kasopanan medar ngeunaan maksim anu aya dina prinsip kasopanan, jeung kalimah anu aya dina prinsip kasopanan sarta ragam tatakruma basa. Pedaran bahan ajar medar wangenan bahan ajar, cara milih jeung nangtukeun bahan ajar, prinsip pamekaran bahan ajar, ambahan bahan ajar, jeung runtuyan bahan ajar. Pedaran wacana paguneman mangrupa pedaran ngeunaan wacana ogé patalina jeung paguneman. Pedaran ngeunaan paguneman di antarana wangenan paguneman, pola, kaédah jeung topik paguneman.

Dina Bab III dipedar ngeunaan méthode panalungtikan. Eusina téh medar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Dina Bab IV dipedar hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan prinsip kasopanan basa dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri. Dina ieu bab didéskripsikeun hasil panalungtikan dumasar kana tujuan panalungtikan, nyaéta wangun paguneman kaasup latar jeung topikna, adegan paguneman, wanda maksim kasopanan, adegan maksim kasopanan jeung bahan pangajaran paguneman di Kelas VII SMP.

Dina Bab V dipedar kacindekan tina ieu panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi ka panalungtik séjén.